

**NGUNDHAKAKE KEWASISAN NULIS AKSARA JAWA MURDA
KANTHI MEDHIA KERTU "POHON AKSARA"
ING KELAS VIII A SMP NEGERI I NGANTRU TULUNGAGUNG
TAUN AJARAN 2015-2016**

Anik Indarti, Drs. Bambang Purmono,M.S.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

aniksangata@gmail.com

Abstrak

Adhedhasar Kurikulum KTSP kang wis ditrapake ing saben tahun. Materi – materi kang diwenehake ssajrone pasinon Basa Dhaerah. Salah sijine yaiku ketrampilan nulis. Panliten iki munjerake ing materi nulis aksara Jawa, mligine aksara Jawa Murda lan ditindakake marang murid kelas VIIIA SMP Negeri 1 Ngantru. Senajan wis mangerten Jenis-jenise aksara Jawa,, mligine aksara Jawa Murda, nanging kelas VIII A durung nguwasan kepriye carane nulis aksara Jawa Murda kang pener.

Panliten iki kalebu PTK saengga nggunakake siklus. Panliten iki kaperang dadi 2 sikus. Ing saben patemon ana 4 tahapan kang kudu ditindakake, yaiku tahap ngrencanakake kegiyatan, nindakake kegiyatan, observasi lan refeksi. Panliten iki nggunakake metodhe deskriptif, tes lan lembar cathetan kanthi pangolahane dhata nggunakake kualitatif.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah tumrap guru, siswa lan sekolah. Paedah kasebut antarane : guru bisa dadi salahsiji variasi ing sajrone pasinaon kanggo murid supaya bisa nglathih katrampilan nulis aksara Jawa, bisa nuwuake ketrampilan siswa, sarta sekolah bisa kanggo ningkatake sinau-sinai utamane ing sajrone pasinaon Basa Jawa.

Tujuan panliten yaiku: (1) ngundhakake aktivitas guru sajrone pasinaon nulis aksara Jawa Murda, (2) ngundhakake ativitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa Murda, (3) ngundhakake asil pasinaon siswa sajrne nulis aksara Jawa Murda kanthi medhia kertu "Pohon Aksara".

Sajrone asil panliten dingeerten menawa: (1) aktivitas guru sklus I ngasilake skor 25 kanthi ketuntasan 22,7% kategori apik, ing siklus II skr 35 kanthi ketuntasan klasikal 31,8% kategori apik, (2) aktivitas siswa siklus I nglehake skor 432 kanthi ketuntasan klasikal 14,1% kategori apiik lan ing siklus II ngasilakeskor 558 kanthi ketuntasan kasikal 18,6% kategori apik, (3) asil pasinaon katrampilan nulis aksara Jawa Murda siswa siklus I nglehake skor rata-rata 75,33 kategori apik kanthi ketuntasan klasikal 70% lan siklus II nglehake skor 82,55 kategori apik kanthi ketuntasan klasikal 83,33%.

Adhedhasar asil panliten bisa didudut menawa pasinaon nulis aksara Jawa Murda kanthi pangetrapane medhia kertu "Pohon Aksara" bisa ngundhakake katrampilan nulis aksara Jawa Muda siswa kelas VIII A SMP Negeri 1 Ngantru Tulungagung.

Tembung wigati: katrampilan nulis, aksara Jawa Murda, Medhia kertu "Pohon Aksara"

PURWAKA

Landhesane Panliten

Aksara Jawa dudu aksara padinan kang dienggo dening bebrayan mligine siswa. Bab kasebut njalari pasinaon lan pasinaonan tumprape aksara Jawa kagolong angel. Wujude aksara kang mbingungake lan akehe aksara kang kudu diapalake ndadekake materii aksara Jawa sajrone pasinaon Basa Jawa kasa medeni lan mbingungake tumpra bebrayan Jawa, mligine siswa.

Pasinaon basa Jawa nduweni atturan kang baku mligine tumrap pamaca lan tata tulis aksara Jawa. Pasnan katramilan nulis aksara Jawa mbuthuhake patrap tliti, supaya orra tumpang tindih anggone nulis aksarane. Aksara Jawa Kapeerang saka manea werna awit saka *nglegena*, *Murda*, *pasangan*, *swara*, *rekan*,

lan *sandhangan*. Sajrone nyinaoni aksara *nglegena*, siswa isih bisa nulis lan ngapalake kanthi pener, nanging yen wis wiwit ngancik ing pasinaon aksara Jawa Murda siswa kerep sambat kangelan nalika dutus nulis lan ngapalakeaksara Jawa *Murda* kaseebut.

Pasinaon konensional kanthi cara nerangake saben aksara Murda ing ngarep kelas kanthi menehi conto, kerep-kerep conto kang diandharake lan dibahassluwih kopenak saka soal kang diwenehake marang siswa. Kahanan pasinaon kang ora nyenengake kasebut ditambah ora anane medhia kang pas tumrap pasinaon nulis aksara Jawa *Murda*. Guru kang ora kreatif lan siswa kang wis aras-arasen njalari pasinaon lan pasinaonan aksara *Murda* ora lumaku lancar. Kahanan kasebut banjur nyebabake siswa wegah

nyinaoni kanthi rinci aksara-aksara Jawa mligine *Murda* pungkasane ndadekake siswa gagal paham.

Sajrone pangetrapan, pasinaon nulis aksara Jawa *Murda* durung lumaku apik. Materi nulis aksara *Murda* ingproses pasinaon ngadhepi saperangan alangan, salah sawijine yaiku kurange minat siswa tumrap aksara Jawa kang njalari ketuntasanminimal pasinaon aksara *Murda* inng kelas VIII A SMP Negeri 1 Ngantru Tulungagung ora bisa nggayuh 50%. Mula saka kuwi prelu anane pangetrapane medhia kang bisa narik kawigaten siswa lan nyebabkake siswa paham, seneng, lan gati maranng materi aksara Jawa mligine aksara *Murda*.

Kawasiswaan nulis aksara Jawa *Murda* siswa kelas VIII A SMP Negeri 1 Ngantru tulungagung durung bisa ngancik Kriteria Ketuntasan Minimall (KKM) kang ditrapake, kabukti isih akeh sing bijine sangisore KKM kanthi prosentase ketuntasan 45% saka jumlah siswa. Isih akeh siswa kelas VIII A sing durung apal lan durung bisa ngrakit aksara Jawa dadi tembung utawa ukara kanthi bener lan trep. Bab iku bisa nuwuhake pangaribawa marang pasinaon lan sabanjure njalari biji sing diantuki para siswa kurang sakka KKM sing wis ditemtokake dening sekolah, yaiku 75. Kanthi KKM 75 tegese siswa kudu bisa nggayuh biji 75% saka skor maksimal. Biji sing kurang saka KKM njalari para siswa kudu melu remidi sig danakake denng guru.

Gegandhengan karo bab kasebut, ing kene panliten kapengin ngowahi pamikiran siswa manawa aksara Jawa mligine aksara *Murda* kuwi gampang disinaoni, *diapalake*, dipahami, lan nyenengake. Sajrone panlite iki panliti bakal ngetrapake pasinaon kanthi metodhe langsung nganggo medha kertu "Pohon Aksara" tumrap pasinaon nulis aksara jawa *Murda* ing kelas VIII A SMP Negeri 1 Ngantru Tulungagung. Anane medhia kasebut dikarepake bisa narik kawigaten siswa lan aveh motivasi tumrap siswa. Guru uga bisa mbimbining siswa nulis kanthi langsung Langkah iki dikarepake bisa ngowahi minat siswa nyinaoni basa Jawa mligine nulis aksara Jawa *Murda*.

Undherane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, bisa dirumusake undhere panliten, kaya ing ngisor iki.

- (1) Kepriye ngundhakake keaktivan guru kelas VIII A SMP Negeri 1 Ngantru Tulungagung sajrone nulis aksara Jawa *Murda* lumantar medhia kertu "Pohon Aksara"?
- (2) Kepriye ngundhakake keaktivan siswa kelas VIII ASMP Negeri 1 Ngantru Tulungagung sajrone nulis aksara Jawa *Murda* lumantar medhia kertu "Pohon Aksara"?
- (3) Kepriye ngundhakake asil pasinaon siswa kelas VIII A SMP Negeri 1 Ngantru Tulungagung sajrone nulis aksara Jawa *Murda* lumantar medhia kertu "Pohon Aksara"?

Tujuwane Panliten

Adhedhasar underaning panliten, bisa didudut tujuwane panliten kaya ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake undhak-unndhakane keaktivane guru

kelas VIII A SMP Neggeri 1 Ngantru Tulungagung sajrone nulis aksara Jawa *Murda* lumantar medhia kertu "Pohon Aksara".

- (2) Ngandharake undhak-undhakane keaktivan siswa kelas VIII A SMP Negeri 1 Ngantru Tulungagung sajrone nulis aksara Jawa *Murda* lumantar medhia kertu "Pohon Aksara".
- (3) Ngandharake undhak-undhakane asil pasinaon siswa kelas VIII A SMP Negeri 1 Ngantru Tulungagung sajrone nulis aksara Jawa *Murda* lumantar medhia kertu "Pohon Aksara".

Paedah Panliten

Panliten iki nduweni paedah kaya ing ngisor iki.

- (1) Kanggo siswa lumantar panliten ikii dikarepake bias ngudhakake prestasi ing babagan pasinaon basa Jawa, mligine ing ktrampilan nulis aksarra Jawa Murda. Saliyanee kuwi kanthi pangetrapan medhia kertu "Pohon Aksara" bisa gawe siswa mangerten pasinnan basa Jawa kanthi kanthi cara kang gampang.
- (2) Kanggo guru asil panliten iki dikarepake bisa weneh paedah tumrap guru mligine bisa weneh seserepan kanggo guru basa Jawa ngenani salah sawijining medhia pasinaon ing basa Jawa kang salaras karo wewategan cara pasinaon siswa lan konsep-konsep katrampilan basa Jawa.
- (3) Kanggo sekolah asil panliten iki dikarepake bisa dadi bahan tetimbangan sajrone ngrembakakake kurikulum sekolah. Bisa ningkatake kwalitas pasinaon ing sekolah mligine ing SMP Negeri 1 Ngantru Tulungagung.
- (4) Kanggo panliti pangetrapane medhia kertu "Pohon Aksara" iki bakal nggampangake panliti sajrone mulang basa Jawa ing materi aksara Jawa *Murda*, saliyane kuwi dikarepake dadi bahan rujukan lan tetimbangan kanggo panliti liyane kang kapengin nliti ngenani topi lan sasara kang padha.

Wewatesane Tetembungan

Panjlenentre tetembungan iki karakit kanggo mangerten tetembungan kang wigati sajrone panliten. Wewatesane tetembungan kasebut yaiku kaya ing ngisor iki.

- 1) Medhia, yaiku samubarang kang dienggo kanggo ngandharaake materi ajar saka sumber pasinaonan marangsisa saengga *proses* pasinaon bisa luwih *efektif* (Tarigan, 2008:25).
- 2) Medhia kertu "Pohon Aksara", yaiku sawijining medhia saka kertas kang kandel kanthi ukuran 5cm x 5cm nganti 10cm x 10cm saben potongan kertu ana tulisan aksara tartamtu kang digantung ing medhia wit (Arsyad, 2003:26).
- 3) Katrampilan nulis, yaiku katrampilan basa kang nuntut kabisan ngandharake pamikiran, gagasan, lan idhe sawijining tulisan (Tarigan, 2008:8).
- 4) Aksara Jawa *Murda*, yaiku aksara Jawa kang cacah ana 7 iji kanggo panyeratan asma, negara pangkat, panggonan-panggonan kang penting.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Katrampilan Nulis

Nulis minangka salah sawijining katrampilan basa kang dienggo sojrone komunikasi kanthi cara ora langsung. Katrampilan nulis dudu gawan bayi, nanging kudu disinau lan gladhen. Nulis minangka sawijining olah tumindak kang produktif lan ekspresif. Sajrone olah tulis panulis kudu trampil manfaatake *grafologi*, kosakata, struktur ukara, *pengembangan paragraf*, lan logika basa (Doyin lan Wrigan, 2009:12). Nulis minangka sawijining kagiyatan mennehake pesen (komunikasi) kanthi nggunakake basatulis minangka sarana lan medhiane (Suparno lan Yunuuus, 2009: 13). Nulis yaiku ngdhokake lan nglukiske lambang-lambang grafik kang nggamarake sawijining bassa kang dipahami dening sawijining pawongan, saengga pawongan liya bisa maca lan paham marang lambang-lambang grafik kasebut (Tarigan 2009: 22).

Adhedhasar andharan ing dhuwur, bisa didudut manawa sawijining pasinaon ana saperangan komponen kang *saling* sambung sajrone nuwuhake lan nggayuh sawijining tujuwaning kagiyatan pasinaon.

Komponen kang ana sajrone katrampilan nulis, yaiku: (1) panganggone basa tulis kang dnduweni guna minangka medhia tulisan, antarane kayata kosakata, struktur ukara, paragraf, ejaan, lan pragmatik; (2) penguasaan isi karangan adhedhasar ttopiik kang bakal ditulis; (3) penguasaan ngenani jenis-jenis tulisan yaiku kepriye nggabungake isi tulisan karo panganggone basa tulis saengga mbentuk sawijining komposisi kang dikarepake kayata esai, artikel, cerkak, utawa makalah (Doyin lan Wrigan, 2009: 12).

Tujuwan nulis mturut Semi (2007:14) yaiku: (1) nyeritakake sawijining cerita, (2) weneh *petunjuk* utawa *pengarahan*, (3) nerangake sawijining bab, (4) weneh keyakinan, (5) ngramkum. Banjur mitrut Nurudinn (2010: 39) asas nulis kang apik yaiku: jelas, ringkes, cetha, trep, pertautan, lan penegasan. Saka kaenem indiator kasebut, panliti nggunakake indikator ketepan (keajegan panulisan) lan kejelasan (wujud tulisan).

Miturut Iskandarwassid lan Sunendar (2011: 250) sajrne pambiji tulisan ana saperangan kriteria ing antarane yaiku: kualitas lan ruang lingkup isi, organsasi lan penyajian isi, komposisi, kohesi lan koherensi, gaya basa, mekanik, kerapian tulisan, karesikan, respon afektif engajaran ngenani karya tuulis. Saka kasanga indiikator kasebut, panliti nggunakake indikator kerapian tulisan, banjur indikator *kecepatan* (Sardiman, 2011:93). Saengga ndikator katrampilan nulisa aksara Jawa *Murda* yaiku keajegan panulisan, wujud tulisan, kerapian panulisan, lan *kecepatan* panulisan.

Aksara Jawa

Budaya Jawa saliyane misuwur kanthi basa lan tata krama, uga nduweni aksara Jawa. Aksara iki ora ana kanthi cara langsug, nangig ana sejarah suwalike anane aksara Jawa. Sajrone cerita kasebut kiinandhut maneka filsofi ngenani maneka ajaran budi kang luhung

ngenani amanat, wateg kesatria, loyal marang atasan, kejujuran, lan nafsu kang dikalahake karo kesucian.

1) Aksara Jawa Legena,

Miturut S. Padmosoekotjo (1992: 13)

Aksara Jawa diarani uga Dentawyanjana. Denta =untu. Wyanjana = aksara. Dentawyanjana, salugune ateges : aksara untu, nanging lumrahe ditegesi carakan, yaiku urut-urutane aksara Jawa wiwit saka tekan akehe rong puluh, yaiku :

<i>a</i>	<i>n</i>	<i>c</i>	<i>r</i>	<i>k</i>	<i>f</i>	<i>t</i>	<i>s</i>
<i>w</i>	<i>l</i>						
<i>p</i>	<i>d</i>	<i>j</i>	<i>y</i>	<i>v</i>	<i>m</i>	<i>g</i>	<i>b</i>
<i>q</i>	<i>z</i>						

Aksara 20 ing dhuwur iku siji-sijine diarani aksara legena (Jawa Kuna, lagna), tegese aksara wuda, tanpa sandangan. Miturut kedaling pakecapane, aksara 20 iku kena diperang dadi lima, yaiku:

1) Aksara gorokan : *a* *k* *g*

2) Aksara untu : *n* *f* *t*

3) Aksara cethak : *c* *j* *y* *v*

4) Aksara ilat : *r* *l* *d*

5) Aksara lambe : *w* *p* *m* *b*
Kajaba iku ana aksara kang diarani :

1) Aksara irung : *n* *v* *m* *z*

2) Aksara luluh : *r* *l*

3) Aksara mandaswara : *w* *y*

Panulise aksara Jawa iku jejeg lan dhoyong. Jejeg lumrahe tumrap aksara cap-capan; dhoyong tumrap tulisan tangan. Dhoyonge tulisan Jawa mangun pojok 60 grad. Unine aksara Jawa sajrone carakan iku jejeg kanthi swara (ɔ). Yen ana sajrone tembung unine aksara Jawa legena iku ana sing jejeg kanthi swara (ɔ) lan ana sing miring kanthi swara (a). Aksara Jawa nduwe *Murda* lan *Murda* iku racake dumunung ing ngisore aksara kang arep digawe swara mati (konsosnan) (Sasangka, 2011: 36). Ana telung *Murda* kang papane sejajar karo aksara sing arep dipasangai, yaiku *h*, *s*, lan *p*.

2) Aksara Jawa Murda

Aksara *Murda* yaiku aksara Jawa kang cacahe ana 7 iji. Miturut etimologis tembung *Murda* iku nduweni teges "sirah". Miturut filosofis panulisan kanthi aksara *Murda* nduweni tujuan pakurmatan, dadi ora kabeh tembung bisa ditulis nggunakake aksara *Murda* nanging amung kanggo panyeratan asma, negara, pangkat lan panggonan-panggonan kang penting. Ing tata panulisan aksara *Murda* amung digunakake saaksara ing satembung, bisa ing wiwit, tengah, utawa pungkasan. gumantung ana orane aksara *Murda* ing tembung kasebut.

Miturut S. Padmosoekotjo (1992: 37) *Murda*= sirah. (walanda: hoofd, Inggris: head). Aksara *Murda* = aksara sirah, aksara sesirah (Walanda: hoofdletter, Inggris: capital).

Aksara Murda iku satemene *ORA ANA*. Wondene kang lumrahe diarani aksara Murda, utawa kang *DIANGGEP* minangka aksara murda iku sejatine *AKSARA MAHAPRANA*, yaiku aksara kang pancene kudu diucapake kanthi *abab akeh*; yaiku aksara kang kudu diucapake lumrah (kanthi abab sathithik).

Aksara *Murda* sajrone panganggone basa Jawa saiiki bisa dipadhadakake karo aksara kapital ing basa Indonesia utawa kanggo nulis jeneng-jeneng kang dikurmati. Aksara *Murda* uga sinebut minangka aksara Mahaprana, sejatine aksara iki swarane beda, merga wiwitane dienggo minangka piridan sajrone basa Sansekerta. Nanging sajrone umume basa Jawa, pangucapane dianggep padha wae, mung gunane wae kang dadi beda. Aksara *Murda* lan Pasangane, bisa dideleng ing perangan ngisor iki

Gambar 1.1 Aksara *Murda* lan pasangane



Aksara *Murda* amung kanggo ing *tata-prunggu*, yaiku kanggo pakurmatan. Aksara *Murda* iku ora bisa dadi sesigeging (pungkasaning) wanda. Ing jaman biyen lumrahe kang katulis nganggo aksara *Murda*, yaiku asmane para leluhur, jejuruke lan padunungane, minangka pakurmatan. Ing jaman demokrasi saiki prayogane asmane kabeh pawongan lan titah kang tata cara uripe kaya manungsa kaya ta raseksa, wanara, lan sapanunggalane.

Tuladha :

1. Dewi Sinta: [f wi\$int]
2. ing Surakarta: ai=\$urk/t
3. Prabu Dasamuka ratu ing Ngalengka :
?%]bu f\$mu\$ rtu a=i zX=@.

Tatacarane nulis aksara *Murda* ing sajrone ukara kuwi ana rong macem:

- Aksara *Murda* ditulis ing sakabehe tembung sing ana ing ukara menawa ana aksara *Murdane*.
- Aksara *Murda* cukup ditulis salah siji wae ateges ora kabeh tembung ing ukara nggunakake aksara *Murda*, aksara *Murdane* bisa diselehake ing ngarepe tembung, ing tengahe tembung lan ing mburine tembung sing ana aksara *Murdane* ing ukara.

Saka kaloro perangan tatacarane nulis aksara *Murda* ing sawijining tembung lan ukara, sing paling kerep digunakake lan dadi katentuan yaiku perangan kaping loro.

Aksara *Murda* mono dienggo nulis jenenge wong, gelar utawa kalungguhane, lembaga, kerajaan lan arane kutha. Menawa wiwitane aksara ora ana ing aksara *Murda*, bisa uga aksara *Murda* diselehake ing tengahe jeneng sing unine trep karo sala sawijining aksara *Murda*.

Medhia Pasinaon

Medhia asale saka basa latin, yaiku *medius* kanthi harfiah ateges tengah, perantara, utawa pengantar. Medhia yaiku perantara utawa pengantar sumber pesen kanthi nampa pesen (Indriana, 2011: 13). Medhia yaiku alat bantu lan bahan pasinaon. Kanthi nggunakake alat bantu bisa ndadekake alat indra kepacu, bab iki bisa nyurung semangat pasinaon siswa sajone kagiyatan pasinaon. Peran guru sajrone pasinaon yaiku minangka fasilitator, mediator, lan pembimbing (Hamdani, 2011: 243).

Miturut para ahli liyane tegese Medhia kaandharake kaya ing ngisor iki.

- 1) Miturut Ashar (1996: 3), medhia yaiku alat *grafis*, *photografis*, utawa *elektronis* kang nangkep, mroses, lan nyusun *informasi visual* lan *verbal*.
- 2) Sukiman (2012: 29) ngandharake medhia pasinaon yaiku sekabehane bab utawa barang kang bisa dienggo kanggo nyalirake pesen saka pengirin marang panampa saengga bisa ngrangsang pamikiran, perasaan, kawigaten, lan minat sarta kemauan siswa saengga proses pasiinaon bisa lumaku kanggo nggayuh tujuwan pasinaon kanthi efektif.

Andhedhasar andharan ing ndhuwur bisa didudut menawa kang diarani medhia tumrapé donya pendhidhikan yaiku sawijining barang kang nggampangake sajrone proses pasinaon lan ndadekake kagiyatan pasinaon dadi luwih narik kawigaten lan aktif.

Medhia Kertu Pohon Aksara

Pohon Aksara minangka salah sawijining medhia pasinaon kang bisa ngembangake potensine siswa ing dimensi audiori, visual, lan memori. Andharan iki salaras karo pamawase John Hendrich Pezzalozzi (Dona, 2005:41) kang ngandharake menawa "potensi utama kang kudu dadi prioritas tumrapé siswa yaiku pengembangan AVM (*Auditory, Visual dan Memory*)".

Medhia Pohon Aksara kang bakal dienggo sajrone panliten iki bakale saka kembang ing pot gedhe kang dicantheli kanthi aksara-aksara Jawa kang maneka werna, utawa kayu kang kaperang saka godhong-godhong utawa bisa uga awujud macem-macem woh-wohan kang kajangkepi kanthi aksara-aksara maneka werna sahengga bisa narik kawigatene siswa sajrone pasinaon. Saengga sajrone proses pangetrapane, siswa bakal njupuk, masang, ngurutake, lan nyebutake aksara *Murda* kang ana ing Pohon Aksara.

Alesan milih nggunakeke medhia Pohon Aksara iki mergera gampang digoleki, narik kawigaten, gampang dienggo, ora bahaya kanggo siswa, regane murah. Apa maneh kertu aksara Jawa *Murda* sing gawe uga asil karyane siswa dhewe. Saengga kanthi anane medhia iki siswa ora bakal kangelan sajrone pasinaon nyinanoni katramilan nulis aksara Jawa *Murda*. Siswa bakal luwih gampang ngapalale. Saliyane kuwi, kanthi medhia iki dikarepake bisa nggampangake guru sajrone mulang lan medhia iki dianggep trep sajrone pasinaon nulis aksara Jawa *Murda*.

METODHE PANALITEN

Metodhe panliten yaiku cara kang digunakake panliten kango nlti lan ngumpulake dhata (Arikunto, 2010 : 26). Sajrone metodhe panliten iki kaandharake ngenani subjek panliten, panggonan panliten, wektu panliten, prosedur panliten, teknik pengumpulan dhata, teknik analisis dhata, lan indikator keberhasilan sajrone panliten iki. Kalimane kaandharake kaya ing ngisor iki.

Subjek Panliten

Subjek sajrone panliten iki yaiku guru lan siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung. Panliten iki kalaksanan ing siswa kelas VIII A SMPN I Ngantru Tulungagung kanthi cacah 30 siswa kang kaperang saka 6 siswa lanang lan 24 siswa wadon. Kelas VIIIA iki didadekake subjek panliten, amarga manut pamase guru duwe masalah kang sajrone pasinaon nulis aksara Jawa Murda. Bab iki bisa dideleng saka asile pre tes pasinaon nulis aksara Jawa Murda rata-rata isih ala. Asile pasinaon nulis aksara Jawa Murda isih durung maremake, biji kang digayuh isih kurang saka biji sing diantuki para siswa kurang saka KKM sing wis ditemtokake dening sekolah, yaiku 75. Kanthi KKM 75 tegese siswa kudu bisa nggayuh biji 75% saka skor maksimal. Biji sing kurang saka KKM njalari para siswa kudu melu remidi sing dianakake dening guru.

Guru minangka subjek panliten kang melu ditliti sajrone panliten iki. Guru kang dadi subjek panliten yaiku panaliti kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung.

Panggonan Panliten

Panliten tindakan kelas iki manggon ana ing SMPN 1 Ngantru Tulungagung. SMPN 1 Ngantru manggon ana ing Jl. Raya Ngantru No 142, Kecamatan Ngantru Kabupaten Tulungagung. Manggone SMP Negeri I Ngantru ana ing daerah Kab. Tulungagung sing sisih lor, sadurunge jembatan ngujang lan ing dalam raya lokasine sisih wetan dalam, yen saka Kab. Kediri lan sisih kiwo yen saka Kab. Tulungagung.

Wektune Panliten

Panliten iki kantidakake ing semester gasal taun ajaran 2015/ 2016. Watara wulan Juli-Desember 2015. Jadwal kasebut kaya ing ngisor iki.

Tabel Jadwal Panliten

Kegiatan	Minggu	Waktu (2015)	
		Wulan	Tanggal
Post-Test	Ke-4	Juli	27 Juli - 1 Agustus 2015
Panliten I	Ke-4	Agustus	26 Agustus 2015
Panliten II	Ke-1	September	2 Sept 2015

Panliten siklus patemon I katindakake ing tanggal, 5 Agustus 2015, banjur siklus I patemon II katindakake ing tanggal 26 Agustus 2015. Tetimbangan iki kasebut kapilih amarga ing wulan Juli, bakal kaling-kalingan dening libur hari besar. Banjur ing minggu keloro, katelu, lan kapapat wulan Agustus bakal kaling-kalingan persiapan hari kemerdekaan RI.

Prosedur Panliten

Rancangan kang ditetapake sajrone panliten iki yaiku *Penelitian tindakan kelas* (PTK). *Penelitian*

tindakan kelas, yaiku sawijining olehe niteni tumrap kagiyanan pasinaon arupa sawijining tindakan, kang sengaja dienekake lan dumadi sajrone kelas kanthi bebarengan (Arikunto, 2010: 4).

Panliten tindakan kelas iki dirancang bakal ditindakake sajrone 2 siklus. Saben sasisiklus ditindakake ing siji patemon. Saben sapetemon wektune 2 X 40 menit Saben siklus ditindakake manut uturan-aturan kang ana ing panlitentindakan kelas.

Prosedur panliten kang kalaksanakake ing panliten iki salaras karo prosedur panliten ing *penelitian tindakan kelas* (PTK). Ana saperangan ahli kang ngandharake modhel panliten tindakan ana petang tahapan kang biasa dileware, yaiku (1) perencanaan, (2) pelaksanaan, (3) pengamatan, lan (4) refleksi. Kapapat langkah utama kasebut tansah gandheng sajrone PTK biasa sinebut siklus. Pangetrapane kaya ing ngisor iki

1) Rencana (planning)

Sajrone komponen iki, guru nindakake tindakan adhedhasar rencana tindakan kang wis direncanakake kanggo ngundhakake proses pasinaon, sikap, solah, lan prestasi siswa.

2) Tindakan (Action)

Sajrone komponen iki, guru nindakake tindakann adhedhasar rencana tindakan kang direncanakan, minangka upaya ngundhakake proses pasinaon, sikap, solah, lan prestasi siswa.


3) Pengamatan (Observing)

Sajrone komponen iki guru ngamati dhampak utawa asil saka tindakan kang ditindakake marang siswa. Saka kagiyanan iki, guru bakal ngerti ngenani treatment kang dienggo bisa ngundhakake kawasisasn nulis aksara *Murda* siswa.

4) Refleksi (Reflection)

Sajrone komponen iki, guru weneh kajian lan weneh tetimbangan kanthi jero ngenani asil lan dhampak saka tindakan kang wis ditindakake kasebut kanthi netepake maneka kriteria kang wis digawe. Adhedhasar asil refleksi ing komponen iki, guru banjur weneh perbaikan awal tumrap kakurangan saengga durung weneh dhampak perbaikan kang apik (Susilo, 2007: 16).

Adhedhasar andharan ing ndhuwur prosedur panliten ing panliten iki kaperang saka (1) perencanaan, (2) pelaksanaan, (3) pengamatan, lan (4) refleksi. Kapapat langkah pangetrapan utama kasebut sajrone panliten iki kaandharake kaya ing ngisor iki.



ngapa, kapan, ing ngendi, dening sapa, lan kepriye tindakan kasebut kalaksanakake. Sajrone panyusunan rancangan kudu ana kesepakatan ing antarane panliten lan kolaborator. Panaliti kudu nemtokake fokus prastawa kang perlu anane kawigaten kang mligi kanggo diamati, nggawe instrumen pengamatan sasuwene tindakan kasebut lumaku. Sajrone tahap perencanaan iki, tim panliten nglakoni maneka bab kaya ing ngisor iki:

- 1) Perencanaan perjanjian karo pihak sekolah.
- 2) Perencanaan perjanjian karo mitra kerja kang bakal aweh pambiyantu.
- 3) Weneh telaah tumrap materi pasinaon nulis aksara Jawa *Murdha*.
- 4) Ngembangake indikator sajrone nulis aksara Jawa.
- 5) Nggawe perencanaan pasinaon nggunakake medhia kertu "Pohon Aksara".
- 6) Nyiapake sumber lan medhia kang bakal dienggo.
- 7) Nyiapake lembar evaluasi formatif.
- 8) Nyiapake instrumen penilaian produk.
- 9) Nyiapake arahan-arahan kang dibutuhake sajrone medhia audio;
- 10) Nyiapake instrumen tes lan nontes, kayata lembar observasi, lembar jurnal, lembar wawancara, lan dokumentasi.

Nindakake Panliten

Tindakan panliten minangka implementasi utawa pangetrapan isi rancangan, yaiku ngenani tindakan ing kelas. Tindakan panliten kang dilaksanakake dening panaliti kudu manut utawa adhedhasar rancangan kang wis digawe ing tahap rancangan panliten. Guru nglaksanakake proses pasinaon nulis aksara Jawa *Murdha* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara". Panindakan panliten iki dirancang kanthi telung perangan, yaiku tindakan apresiasi, tindakan kagiyatan inti, lan panutup. Katelune kaandharake kaya ing perangan ngisor iki.

A. Apersepsi

Kagiyatan apersepsi minangka tindakan prakagiyatan kang dilakoni kanthi wektu ± 15 menit. Kagiyatan apresepsi kaperang saka:

- 1) Salam, pengkondisian kelas, ndonga.
- 2) Guru nyiapake medhia pasinaon yaiku kertu "Pohon Aksara".
- 3) Guru nindakake apersepsi kanthi tekon langsung marang siswa kanggo ndhudhah kawruhe siswa. "*Bocah-bocah, sapa sing ngerti apa wae aksara Jawa Murda kuwi?*"
- 4) Guru ngandharake kompetensi lan tujuan pasinaon kang bakal digayuh.
- 5) Guru weneh motivasi marang siswa kanggo nggayuh tujuwan pasinaon.

B. Kagiyatan Inti

Kagiyatan inti minangka punjere kagiyatan kang sajrone kaandharake kagiyatan pasinaon siswa sajroe nyinaoni aksara *Murdha* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara". Kagiyatan inti iki lumaku watarane ± 50 menit. Kagiyatan inti kasebut kaandharake kaya ing ngisor iki.

- 1) Guru njelasake sejarah aksara Jawa amarga aksara *Murda* kagolong ing perangane aksara Jawa. Guru uga njelasake laire aksara Jawa *Murdha*.
- 2) Tanya jawab guru karo siswa ngenani sejarah aksara Jawa *Murdha*.
- 3) Guru weneh conto soal kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" lan siswa disuwun kanggo maca aksara *Murdha* kasebut.
- 4) Guru weneh tuladha perangane lan jinise aksara *Murdha* lumantar medhia kartu "Pohon Aksara".
- 5) Guru mbentuk siswa sajrone klompok kang heterogen.
- 6) Siswa nggarap lembar kerja adhedhasar kartu "Pohon Aksara" kang wis ditampa siswa. Siswa belajar tata cara panulisan aksara *Murdha*.
- 7) Kanthi acak, perwakilan kelompok nulisake aksara *Murdha* kasebut adhedhasar ukara kang ana ing kertu lan digandhengake ing Pohon Aksara.
- 8) Siswa saka kelompok liya diwenehi kesempatan kanggo tekon ngenani materi kang durung cetha.
- 9) Guru menehi kesempatan takon ngenani materi kang durung cetha.
- 10) Guru weneh motivasi supaya siswa luwih semangat sajrone proses pasinaon.

C. Panutup

Kagiyatan panutup kalaksanakake kanthi wektu ± 15 menit, andharan ngenani kagiyatan panutup kajabarake kaya ing ngisor iki.

- 1) Guru weneh kesempatan marang siswa kang durung cetha ngenani materi kang wis kaandharake.
- 2) Siswa bebarengan karo guru weneh dudutan tumrap materi kang wis disinaoni.
- 3) Siswa ngerjakake lembar evaluasi.
- 4) Guru nglaksanakake tindak lanjut.

Observasi

Sajrone komponen iki guru ngamati dhampak utawa asil saka tindakan kang ditindakake marang siswa. Tes kanthi mangsuli pitakonan-pitakonan sajrone medhia kertu Pohon Aksara kanggo mangertene pencapaian kawasican nyemak wacan bocah siswa. Dokumen kanthi sawijining foto uga kudu dilakoni. Ana saperangan bab kang dilakoni sajrone tindakan observasi ing panliten iki, ing antarane yaiku.

- 1) Nindakake pengamatan katrampilan guru sajrone pasinaon nulisa aksara *Murdha* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara".
- 2) Nindakake pengamatan aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa *Murdha* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara".
- 3) Nindakake pambiji sajrone katrampilan nulis aksara Jawa *Murdha* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara".

Refleksi

Sajrone komponen iki, guru weneh kajian lan weneh tetimbangan kanthi jero ngenani asil lan dhampak saka tindakan kang wis ditindakake kasebut kanthi netepake maneka kriteria kang wis digawe. Menawa saka panliten kang sepisan siswa isih durung bisa nggayuh kewasisan kang dikarepake, mula perlu

dienekake siklus sabanjure. Bab-bab kang bakal dingerten sajrone kagiyanan refleksi ing anatarne yaiku:

1) Bab-bab kang Wis Bisa Kagayuh

Sajrone kagiyanan refleksi kang sepisan dilaksanakake dening panaliti yaiku ngandharake bab-bab kang wis bisa kagayuh. Adhedhasar bab sadurunge, indikator kang kudu digayuh siswa sajrone panliten "Ngundhakake Kewasiswaan Nulis Aksara Jawa Murda kanthi Medhia Kertu "Pohon Aksara" ing Kelas VIII A SMP Negeri I Ngantru Tulungagung" iki yaiku keajegan panulisan, wujud tulisan, kerapian panulisan, lan kecepatan panulisan. Adhedhasar kapapat indikator kasebut sabanjure panaliti bisa nemtokake perangan kang wis bisa kagayuh sajrone panliten.

2) Bab-bab kang Durung Bisa Kagayuh

Salaras karo andharan ing bab-bab kang wis bisa kagayuh, adhedhasar petang indikator sajrone panliten iki, yaiku siswa ing proses pasinaon isih rame lan ora nggatekake andharan guru, siswa isih wedi anggone maju nemplekake kertu ing pohon aksara lan nulis aksara Jawa Murda ing papan, tulis keajegan panulisan, wujud tulisan, kerapian panulisan, lan kecepatan panulisan panaliti bisa nerangake bab-bab kang durung bisa kagayuh sasuwени panliten ing siklus iki. Andharan ngenani cara nemtokake bab-bab kang durung bisa kagayuh, kaandharake kaya ing ngisor iki.

- Weneh kajian ngenani pasinaon ing siklus iki ngenani kawasaki nulis aksara *Murda* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara".
- Weneh evaluasi lan asil pasinaon siklus iki ngenani indikator ≥ 61 lan ketuntasan klasikal minimal 75 %.
- Gawe daftar permasalahan kang dumadi ana ing siklus iki, saka segi siswa lan guru kang ndadekake kualitas pasinaon durung kagayuh kanthi optimal.

3) Tindak Lanjut Sajrone Siklus Sabanjure.

Sajrone panliten siklus iki menawa tinemu yen ana sakperangan utawa luwih saka kapapat indikator keajegan panulisan, wujud tulisan, kerapian panulisan, lan kecepatan panulisan durung bisa kagayuh mula perlu anane tindak lanjut ing siklus sabanjure supaya bisa kagayuh tujuwan saka panliten iki yaiku ngundhakake kawasaki nulis aksara Jawa *Murda* siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung. Tindak lanjut kanggo ngrancang siklus sabanjure kaandharake ing bab IV.

Teknik Ngumpulake Dhata

Ngumpulake dhata minangka sawijining upaya kango ngumpulake katrangan kang nyata lan bisa dipertanggung jawabake kango kebutuhan panliti. Pengumpulan dhata iki nduweni tujuwan kango ngolehake dhata kang nyata, *relabel*, lan akurat kang ana gandhenge karo panliten. Teknik ngumpulake dhata ing panliten iki kaleksanan kaya ing ngisor iki.

1) Teknik Tes

Teknik tes arupa tes tulis. Sudjana (2007: 100) ngandharake kang diarani tes yaiku alat ukur kang

dienggo menyang individu kanggo ngolehake wangsan-wangsan kang dikarepake apik kanthi tulis, lisan, lan solah. Sajrone panliten iki ana rong perangan tes kang dilaksanakake, yaiku tes awal utawa *post test* lan tes asil pasinaon. Tes awal utawa *posttest* kanggo ngerten kemampuan awal siswa tumrap konsep kang diulangake lan dilaksanakake sadurunge kagiyanan pasinaon kang lumaku, banjur tes asil pasinaon yaiku tes akhir kang dienggo kango ngolehake dhata asil pasinaon nulis aksara Jawa *Murda* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara".

Sajrone teknik tes iki, bakal katindakake saperangan tes awujud tes evaluasi marang siswa sajrone pasinaon nulis aksara *Murda*. Kang dadi indikator pambijine ing antarane, yaiku: (1) Keajegan tulisan, (2) Kerapian tulisan, (3) Wujude tulisan, (4) Cepet orane anggone nulis, lan (5) Bener orane panulisan aksara *Murda*.

Saben indikator sajrone tes katrampilan nulis aksara Jawa *Murda* kasebut nduweni bobot kang beda adhedhasar tingkatane saben indikator. Luwih jangkepe kaya ing tabel ngisor iki.

Tabel
Bobot Skor Pambiji Tes Nulis Aksara Murda

No	Indikator	Frekwensi Skor				Jumlah (skor x bobot)	
		1	2	3	4		
1	Keajegan tulisan					5	20
2	Kerapian tulisan					5	20
3	Wujude tulisan					5	20
4	Cepet orane anggone nulis					4	16
5	Bener orane panulisan aksara <i>Murda</i>					6	24
Jumlah Skor							100

$$\text{Nilai akhir} = \frac{\text{skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal}} \times 100\%$$

2) Teknik Observasi

Observasi minangka sawijining cara ngumpulake bahan-bahan katrangan kang kalaksanan kanthi ngenekake *pengamatan* lan *pencatatan* kanthi sistematis ngenani fenomena-fenomena kang didadekake sasaran *pengamatan* Sudjana (2007: 76). Sajrone panliten iki observasi dienggo kango ngambarake kanthi dheskriptif katrampilan guru lan aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa *Murda* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara". Observasi kaleksanan dening obsever nganggo lembar pengamatan. Lembar pengamatan kang dienggo yaiku lembar pengamatan aktivitas guru lan lembar pengamatan aktivitas siswa.

Teknik Analisis Dhata

Analisis dhata sajrone panliten "Ngundhakake Kewasiswaan Nulis Aksara Jawa *Murdha* kanthi Medhia Kertu "Pohon Aksara" ing Kelas VIII A SMP Negeri I Ngantru Tulungagung" iki katindakake kanthi cara analisis asil observasi guru, analisis kagiyatan siswa, lan analisis biji kang digayuh siswa.

1) Analisis Biji kang Digayuh Siswa

Analisis biji kang digayuh siswa minangka wujud saka dhata kuantitatif, arupa ketampilan nulis aksara Jawa *Murdha*, dianalisis kanthi nggunakake teknik analisis dheskripif kanthi nemtokake *mean* utawa rata-rata. Dhata iki kajabarake kanthi wujud prosentase lan angka.

- a. Nemtokake biji adhedasar skor teoritis kang diolehake siswa

$$N = \frac{B}{St} \times 100$$

Katrangan:

N : biji siswa

B : skor siswa sajrone pasinaon

St : Skor Teoritis (Poerwanti dkk., 2008: 14-16)

- b. Nemtokake prosentase ketuntasan pasinaon klasikal

$$P = \frac{\Sigma \text{ siswa kang tuntas}}{\Sigma \text{ cacache siswa sakelas}} \times 100$$

Katrangan:

P : Prosentase siswa kang tuntas

Itung-itungan prosentase kanthi nganggo rumus ing ndhuwur salaras karo indikator keberhasilan kang bakal digayuh siswa sajrone pasinaon basa Jawa kango kriteria ketuntasan klasikal yaiku 75%.

Asil itung-itungan kasebut sabanjure dikonsultasikake karo ketuntasan pasinaon siswa kang wis dikloppokake sajrone rong kategori tuntas lan ora tuntas, kanthi kriteria kaya ing ngisor iki:

KKM Bahasa Jawa kelas VIII A

Klasikal	Individu	Kualifikasi
≥ 80	≥ 75	Tuntas
< 80	< 75	Ora tuntas

- c. Ngitung biji rata-rata

$$\bar{x} = \frac{\sum x}{\sum N}$$

Katrangan:

$\sum x$ = cacache sekabehane biji siswa

$\sum N$ = cacache siswa

\bar{x} = biji rata-rata (Aqib, 2010: 40)

2) Analisis Asil Observasi Aktivitas Guru lan Siswa

Dhata asil observasi aktivitas guru lan siswa nerangake ngenani solahé utawa perilaku siswa lan guru. Dhata iki kalebu jinis dhata kualitatif, yaiku dhata

asil observasi aktivitas siswa lan katrampilan guru sajrone pasinaon nulis aksara Jawa *Murdha*. Dhata observasi aktivitas siswa lan katrampilan guru dikloppokake adhedasar kategori kang wis ditentokake.

Miturut Poerwanti dkk (2008, 6-9) sajrone ngolah dhata skor bisa katindakake saperangan langkah-langkah, kaya ing ngisor iki:

- Nemtokake skor sing paling asor
- Nemtokake skor sing paling dhuwur
- Nggoleki *median*
- Merang rentang biji dadi 4 kategori, yaiku apik banget, apik, cukup, lan kurang.

Adhedasar biji saka lembar obeservasi lan dikonversekake kanthi tabel ketuntasan dhata kualitatif, banjur diolehake:

**Tabel
Ketuntasan Dhata Kualitatif**

Kriteria Ketuntasan	Skala Pambiji	Kwalifikasi
Q3 ≤ skor ≤ T	Apik banget	tuntas
Q2 ≤ skor ≤ Q3	Apik	tuntas
Q1 ≤ skor ≤ Q2	Cukup	Ora tuntas
R ≤ skor ≤ Q1	Kurang	Ora tuntas

Adhedasar kisi-kisi instrumen kang ana, dhata bisa diolehake saka skala pambiji kang dienggo kanggo nemtokake indikator. Tabel kwalifikasine kaya ing ngisor iki

**Tabel
Skor Katrampilan Guru**

Kriteria Katrampilan Guru	Kategori	Biji
36,25 ≤ skor ≤ 44	Apik banget	A
27,5 ≤ skor ≤ 36,25	Apik	B
18,75 ≤ skor ≤ 27,5	Cukup	C
11 ≤ skor ≤ 18,75	Kurang	D

**Tabel
Skor Aktivitas Siswa**

Kriteria Keaktivan Siswa	Kategori	Biji
18,5 ≤ skor ≤ 26	Apik banget	A
12,5 ≤ skor ≤ 18,5	Apik	B
5,5 ≤ skor ≤ 12,5	Cukup	C
0 ≤ skor ≤ 5,5	Kurang	D

Indikator Kasiling Pasinaon

Pasinaon nggunakake medhia kertu "Pohon Aksara" bisa ngundhakake kawasanan nulis aksara Jawa *Murdha* siswa kelas VIII A SMP Negeri I Ngantru Tulungagung kanthi indikator kaya ing ngisor iki.

- Katrampilan guru sajrone pasinaon nulis aksara Jawa *Murdha* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" mundhaka ana ing kriteria minimal apik yaiku bisa ngancik ing biji 75.
- Aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa *Murdha* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" mundhaka ana ing kriteria minimal apik, yaiku bisa ngancik ing biji 75.
- Cacache 80% siswa kelas VIII A SMPN I Ngantru Tulungagung bisa nggayuh ketuntasan pasinaon individu sajrone aspek katrampilan nulis aksara Jawa *Murdha* kanthi cacah ≥ 75 nganggo medhia kertu "Pohon Aksara".

Cara Panulise Asil Panliten

- Tata cara nulis asile panliten yaiku ditulis kanthi sistematis skripsi, kaya ing ngisor iki.
- Bab I : ngandharake purwaka kang isine ngenani bab landhesan panliten, undere panliten, tujuwan panliten, paedahe panliten, wewatesane tetembungan.
- Bab II : ngenani tintingan kapustakan kang isine bab panliten kang saemper, katrarmpilan nulis aksara Jawa Murda, lsp.
- Bab III : ngenani metodhe panliten kang isine ngandhar ake rancangan panliten, dhata lan sumber teknik analisis dhata, cara panulisan asile panliten.
- Bab IV : andharan asil panliten.
- Bab V : ngenani dudutan lan pamrayoga saka asile Panliten.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Asil Panliten mujudake paparan saka asil panliten kang kaperang saka katrampilan guru, aktivitas siswa, lan katrampilan nulis aksara Jawa *Murda* sajrone pasinaon nulis aksara Jawa *Murda* siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung. Panliten wis katindakake ing rong siklus, saben siklus katindakake ing sapertemuan

Andharan Asil Panliten Dhata ing Siklus I

Pasinaon nulis migunakake aksara Jawa *Murda* ing siklus I minangka tindakan awal panliten nulis aksara Jawa *Murda* kanthi Medhia Kertu "Pohon Aksara". Tindakan kang katindakake ing siklus I minangka tindakan kanggo nikelake lan mecahake perkara kang tuwuhalikna nalika panliti nindake observasi.

1) Perencanaan

Sadurunge panliti nindakake panliten ing siklus I, panliti wis nindakake pretes kanthi menehi tes nulis aksara Jawa *Murda* tanpa migunakake medhia kertu "Pohon Aksara" lan asile pasinaon nulis aksara Jawa *Murda* isih durung maremake. Kewasisane siswa individu rata-rata isih endeh kurang saka 75, biji rata-rata kelas uga endheh mung 62,36 kanthi kategori kurang. Saka siswa kang cacahe 30, kang bisa nggayuh biji 79 mung 1 siswa. Siswa kang nggayuh biji 77 mung 5 siswa. Siswa kang nggayuh biji 75 mung 1 siswa. Biji sing paling asor 35 lan biji sing paling dhuwur 79. Siswa kang nggayuh KKM 8 siswa. Siswa kang durung nggayuh KKM 22 siswa, kanthi prosentase ketuntasan klasikal 26,67%.

Adhedhar panliten pra siklus, ing siklus I iki panliti nyiapake rancangan pasinaon kang dicundhukake karo bab-bab kang bakal ditliti, lan nyiapake perangkat pasinaon kang bakal katindakake

- a) Nyiapake Rencana Pelaksanaan Pembelajaran .
- b) Nyiapake lembar pengamatan lan penilaian
- c) Nyiapake medhia kertu "Pohon Aksara".

2) Tindakan

Siklus I katindake ing dina Rabu, 26 Agustus 2015 materi ing siklus I aksara *Murda*. Alokasiwektu

kang dienggo yaiku 2 jam pelajaran (2x 40 menit). Kagiyatan kang ditindakake ing tataran iki yaiku,

a) Apersepsi

Kagiyatan apersepsi minangka tindakan pra-kagiyatan kang dilakoni kanthi wektu ± 15 menit. Kagiyatan apresiasi kaperang saka:

1. Salam, pengkondisian kelas, ndonga.
2. Guru nyiapake medhia pasinaon yaiku kertu "Pohon Aksara".
3. Guru nindakake apersepsi kanthi tekon langsung Marang siswa kanggo ndhudhah kawruhe siswa .
"Bocah-bocah, sapa sing ngerti apa wae aksara Ja Wa Murda kuwi?"
4. Guru ngandharake kompetensi lan tujuan pasinaon kang bakal digayuh.
5. Guru weneh motivasi marang siswa kanggo nggayuh tujuwan pasinaon.

b) Kagiyatan Inti

Kagiyatan inti minangka punjere kagiyatan kang sajrone kaandharake kagiyatan pasinaon siswa sajrone nyinaoni aksara *Murda* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara". Kagiyatan inti iki lumaku watarane kurang luwih 50 menit. Kagiyatan inti kasebut kaandharake kaya ing ngisor iki.

1. Guru njelasake sejarah aksara Jawa amarga aksara *Murda* kagolong ing perangane aksara Jawa. Guru uga njelasake laire aksara legena.
2. Tanya jawab guru karo siswa ngenani sejarah aksara Jawa *Murda*.
3. Guru weneh tuladha soal kanthi medhia kertu "Pohon aksara" lan siswa disuwun kanggo maca aksara *Murda* kasebut.
4. Guru weneh tuladha perangane lan Jenise aksara *Murda* lumantar medhia kertu "Pohon Aksara".
5. Guru mbentuk siswa sajrone klompok kang heterogen
6. Siswa nggarap lembar kerja adhedhasar kertu "Pohon Aksara" kang wis ditampa siswa. Siswa belajar tata cara panulisan aksara *Murda*.
7. Kanthi acak, perwakilan kelompok nulisake aksara *Murda* kasebut adhedhasar ukara kang ana ing kertu lan digandhengake ing "Pohan Aksara".
8. Siswa saka kelompok liya diwenehi kesempatan kanggo takon ngenani materi kang durung cetha
9. Guru menehi kesempatan takon ngenani materi kang durung cetha.
10. Guru weneh motivasi supaya siswa luwih semangat sajrone proses pasinaon.

c) Panutup

Kagiyatan panutup kalaksanakake kanthi wektu 15 menit, andharan ngenani kagiyatan panutup kajabarake ing ngisor iki.

1. Guru weneh kesempatan marang siswa kang durung cetha ngenani materi kang wis kaandharake.
2. Siswa bebarengan karo guru weneh dudutan tumrap materi kang wis dis.....
3. Siswa ngerjakake le...
4. Guru nglaksanakake

3) Observasi

Perangane observasi iki ngadharake ngenanii andharan observasi katrampilan guru lan aktivitas siswa sarta asil pasinaon siklus I kang nerangake ngenani asil pasinaon katrampilan nulis siswa. Luwih cethane kaya ing ngisor iki.

a) Andharan Observasi Katrampilan Guru

Asil katrampilan guru ing siklus I, yaiku ana ing pasinaon nulis aksara Murda kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" ing siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung. Asil observasi bisa kaandharake kanthi cetha kaya ing ngisor.

1. Nindakake pra- pasinaon, skor kang bisa digayuh 4.
2. Miwiti pasinaon kanthi apersepsi, skor kang bisa digayuh 2.
3. Ngandharake tujuwan pasinaon, skor kang bisa digayuh 2.
4. Weneh pitakonan marang siswa, skor kang bisa digayuh 2.
5. Nindhakake demonstrasi arupa nulisa aksara Jawa, skor kang bisa digayuh 2.
6. Weneh bimbingan sajrone kagiyanan nyusun klom-pok, skor kang bisa digayuh 2.
7. Weneh bimbingan marang siswa sajrone nggunakake medhia kertu "Pohon Aksara", skor kang bisa digayuh 2.
8. Weneh variasi sajrone pasinaon, skor kang bisa digayuh 3.
9. Ngelola kelas, skor kang bisa digayuh 2.
10. Weneh penguatan marang siswa, skor kang bisa digayuh 2.
11. Nutup pasinaon, skor kang bisa digayuh 2.

Asil observasi katrampilan guru ing n dhuwur Nerangake menawa jumlah skor 25 kanthi rata-rata 22,7. Asil iki kalebu ing kategori apik.

b) Andharan Observasi Aktivitas Siswa

Asil saka observasi aktivitas siswasajrone tindakan siklus I bisa kaandharaake kaya ing ngisor iki.

1. Nyiapake diri nampa pasinaon: ana 1 siswa oleh skor 1, 11 siswa oleh skor 2, 16 siswa oleh skor 3, 2 siswa oleh skor 4. Total skor 79, rata-rata skor kang diolehan eka siswa sajrone indikator iki , yaiku 2,63.
2. Nggatekake medhia lan andharan guru: ana 5 siswa kang oleh skor 1, ana siswa 14 kang oleh skor 2, ana siswa 11 kang oleh skor 3. Total skor 66, rata-rata kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 2,2.
3. Tekon lan mangsuli pitakonan: ana siswa 1 kang oleh skor 71, kanthi rata-rata kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 2,37.
4. Dhisiki kelompok:ana siswa 4 kang oleh skor 1, ana siswa 14 kang oleh skor 2, ana siswa 10 kang oleh skor 3, lan ana siswa 2 kang oleh skor 4. Total skor 70, rata-rata kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 2,33.
5. Nindhakake kagiyanan ngenali aksara lan nulis Tembung kanthi medhia kertu "Pohon Aksara": ana 21 siswa kang oleh skor 2,ana 9 siswa kang oleh skor 3. Total skor 69, kanthi rata-rata kang diolehan siswa 2,3.
6. Nggarap pitakonan kang tuwuhan saka medhia kertu "Pohon Aksara": ana siswa 1 kang oleh skor 1, ana

siswa 20 kang oleh skor 2, ana siswa 9 kang oleh skor 3. Total skor 68, kanthi rata-rata kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 2,27.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa didudut manawa ing siklus I aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Murda ngasilake cacah skor utawa biji 423, kanthi rata-rata 14,1 lan kalebu kategori apik.

c) Andharan Katrampilan Nulis Aksara Jawa Murda Siswa

Andharan asil saka asiling tes katrampilan nulis siswa ing tindakan siklus I bisa kaandharake kaya ing ngisor iki.

1. Keajegan tulisan: ana 1 siswa kang oleh skor 1 (bobot 5), ana 4 siswa kang oleh skor 2 (bobot 10), ana 17 siswa oleh skor3 (bobot 15), ana 8 siswa oleh skor 4 (bobot 20). Rata-rata skor kang diolehan siswa tumrap indikator iki, yaiku 15,33.
2. Kerapian tulisan : ana 3 siswa kang oleh skor 1(bobot 5), ana 4 siswa kang oleh skor 2 (bobot 10), ana 17 siswa kang oleh skor 3 (bobot 15), ana 6 siswa kang oleh skor 4 (bobot 20). Rata-rata skor kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 14,33.
3. Wujude tulisan: ana 9 siswa kang oleh skor 2 (bobot 10), ana siswa 12 kang oleh skor 3 (bobot 15), ana 9 siswa kang oleh skor 4 (bobot 20). Rata-rata skor kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 15.
4. Cepet orane anggone nulis: ana 2 siswa kang oleh skor 1 (bobot 4), ana siswa 5 kang oleh skor 2 (bobot 8), ana 3 siswa kang oleh skor 3 (bobot 12), ana 20 kang oleh skor 4 (bobot 16). Rata-rata skor kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 13,47.
5. Bener orane panulisan aksara murda: ana 9 siswa Kang oleh skor 2 (bobot 12), ana siswa16 kang oleh Skor 3 (bobot 18), lan ana siswa 5 kang oleh skor 4 (bobot 24). Rata-rata skor kang diolehan siswa ing Indikator iki, yaiku 17,2.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa didudut menawa ing siklus I aktivitas siswa sapasinaonnulis aksara Murda ngasilake cacah biji 423, kanthi rata-rata 14,1 lan kalebu kategori apik

d) Andharan Asil Pasinaon Ketramplinan Nulis Siswa

Asil saka asil pasinaon sajrone pasinaonan nulis aksara Jawa kanthi medhia kertu Pohon Aksara ing kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung siklus I, bisa dideleng ing tabel ngisor iki.

Asil Pasinaon Katrampilan Nulis Aksara Murda Siklus I

Katrangan	Asil Pasinaon
Rata-Rata Biji	75,33
Biji Kang Paling Dhuwur	91
Biji Kang Paling Asor	46
Siswa Kang Nggayuh KKM	21
Siswa Kang Durung Nggayuh KKM	9

Prosentase Ketuntasan Klasikal	70%
-----------------------------------	-----

Tabel ing ndhuwur nuduhake menawa rata-rata biji kang diolehake siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung sajrone pasinaon nulis aksara Jawa kanthi medhia kertu Pohon Aksara ngolehake skor rata-rata 75,33 kanthi biji 91 minangka biji kang paling dhuwur lan 46 minangka biji kang paling asor. Cacahe ana 21 siswa kang kasil nggayuh KKM lan ana 9 siswa kang ora bisa nggayuh KKM. Banjur ketuntasan klasikal sajrone pasinaon siklus I, yaiku 70%. Bab kasebut ateges pasinaon nulis aksara Jawa kanthi medhia kertu Pohon Aksara ing kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung siklus I durung bisa nggayuh ketuntasan pasinaon klasikal kang cacah 80%.

4) Refleksi

Adhedhasar andharan asil observasi tumrap katrampilan guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon siswa ing siklus I, langkah sabanjure yaiku nindakake refleksi. Asil refleksi ing siklus I kaandharake ing ngisor iki.

- 1) Katrampilan guru sajrone mulang siswa durung bisa ngancik indikator keberhasilan kang wis ditentokake. Guru durung bisa nggathukake perkara inti kang bakal dirembug, guru durung weneh pitakonan kang gampang dimangertenii siswa, kurang weneh kelodhangan tumrap siswa kanggo takon, durung nuwuahake kahanan pasinaonan kang *kondusif*, durung weneh umpan balik tumrap asil pasinaon. Kahanan iki bisa dideleng saka asil observasi kang nerangake menawa skor kang diolehake yaiku 25 kanthi rata-rata 22,7. Skor iki kalebu sajrone kategori apik.
- 2) Aktivitas siswa sajrone siklus I uga durung ngancik indikator keberhasilan kang wis ditentokake. Isih ana saperangan siswa kang rame lan ora nggatekake andharan guru. Mung saperangan siswa semangat nalika guru nampilake medhia kertu "Pohon Aksara". Siswa kurang semangat banget bab iki bisa dideleng saka anane siswa kang nyebutake aksara Jawa Murda kang ditampilake guru lan njawab gladhen kang diwenehake guru kanthi lesan Sikap kang didudohake dening siswa nalika takon maneka wernane, ana kang ngangkat tangan sadurunge ngandharake pamawase, ana uga kang langsung aweh pamawase. Siswa nindakake kagiyanan kang nyenengake kanthi nggolongake aksara Jawa Murda ing kertu kang sabanjure bakal digantungake ing pohon aksara adhedhasar panulise sawijining ukara. Sajrone kagiyanan iki durung bisa lumaku kanthi apik, katon anggone siswa lali nyiapake alat tulis. Nalika kagiyanan dhiskusi ana siswa kang rame dhewe. Adhedhasar asil observasi kang katindakake dening observer, jumlah skor kang diolehake yaiku 423 kanthi rata-rata 14,1. Skor iki kalebu ing kategori apik.

3) Katrampilan nulis aksara Jawa Murda uga durung ngancik ing asil kang maksimal. Adhedhasar asil observasi kang wis katindakake, diolehake sajrone panliten siklus I, yaiku ngenani konsistensi sajrone nggunakake aksara Jawa Murda adhedhasar tata aturan panganggone aksara Jawa Murda mung siswa 1 kang oleh skor 1 (bobot 5). Ing indikator kerapian tulisan sajrone nulis aksara arupa anane coretan apa ora, tulisan gamppang diwaca, kerapian, lan karesikan ana siswa cacahe 3 kang pikantuk skor 1 (bobot 5). Saka indikator cepet orane anggone nulis ana 2 siswa kang oleh skor 1 (bobot 4). Adhedhasar asilobservasi kang wis katindakake jumlah skor kang diolehake sajrone panliten siklus I, yaiku 2260 kanthi rata-rata 75,33 lan kalebu sajrone kategori cukup. Asil pasinaon katrampilan nulis aksara Murda kang diolehake durung ngancik indikator keberhasilan kang ditetapake. Banjur tumrap ketuntasan klasikal asil pasinaon siswa ing siklus I, yaiku 70% lan rata-rata biji siswa 75,33. Asil kang diolehake iki uga durung bisa ngancik indikator keberhasilan kang wis katetapake yaiku 85%. Adhedhasar *refleksi* saka siklus I, mula perlu katindakake ndandani yaiku kanthi nerusake ing siklus II

5) Revisi

Revisi utawa ndandani saka siklus I, amarga sajrone siklus I pasinaon katrampilan nulis aksara Jawa Murda durung bisa nggayuh target kang dikarepake. Panliten siklus II kantindakake kanthi rencana lan persiapan kang luwih mateng kanthi mertahanake saperang bab kang lumaku apik lan ndandani *kekurangan-kekurangan* ing siklus I. Kanggo ngundahake katrampilan siswa sajrone nulis aksara Jawa Murda lan ngowahi keaktivan siswa kang apik sajrone siklus II dienekake saperangan kanggo ndandani pangetrapane tindakan siklus II, yaiku

1. Guru kudu ngundhakake aktivitas siswa nalika dhiskusi klompok.
2. Guru kudu ngundhakake *kerja sama* siswa nalika pasinaon.
3. Guru kudu ngundhakake kreativitas nalika proses pasinaon.
4. Guru kudu munjerake ana ing penguasaan wujud aksara Murda, panganggone aksara Murda, lan aturan panulisane aksara Murda.
5. Guru kudu luwih ngundhakake nalika weneh bimbingan marang siswa sajrone nindakake kagiyanan dhiskusi lan kagiyanan praktik kanthi medhia kertu pohon aksara kasebut

Andharan Asiling Panliten Dhata ing Siklus II

Panliten ing siklus II iki katindakake kaya dene siklus I kanthi tataran kawiwanan rancangan nganti asiling pasinaon lan rekleksi. Wondene asiling panliten ing siklus II kaya ing ngisor iki.

1) Perencanaan

Adhedhasar asile refleksi pasinaon ing siklus I bisa diweduhi manawa pasinaon nulis aksara Jawa

Murda ana kang wis tuntas, uga ana kang durung tuntas. Ing siklus II bakal dicakake maneh pasinaon kanthi medhia kertu "Pohon Aksara". Bab iki ditindake kanthi pangajab bisa ngudhakake kawasisan siswa nulis aksara Jawa Murda.

Panliten bebarengan karo mitra guru utawa kolaborator nindhakake dhiskusi kanggo mbiji pasinaon ing siklus I lan nemokake *tretmen* kang kudu kantindakake ing sajrone pasinaon nulis aksara Jawa Murda kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" ing siklus II. Sabanjure nentokake rancangan pasinaon kang bakal katindhakake ing siklus II.

Rancangan pasinaon kang bakal katindhakake ing siklus II yaiku,

- Nemtokake methode pasinaon.
- Nyusun Rencana Pelaksanaan pembelajaran (RPP) kang selaras karo rekomendasi saka asile dhiskusi antara panliten karo *kalobarator*.
- Nemtokake lan nyusun sarana utawa alat kanggo ngumpulake dhata kang arupa tes, lembar observasi.
- Nyusun rancangan pangolahan dhata.

2) Tindakan

Siklus II katindakake ing dina Rabu, 2 September 2015. Materi ing siklus I, yaiku aksara *Murda*. Alokasi wektu kang dienggo yaiku 2 jam pelajaran (2 x 40 menit). Kagiyanan pasinaon sajrone siklus II uga isih kaya siklus I, ananging ana saperangan bab kang ditambahake, ing antarane yaiku revisi saka siklus I dadi acuan tindakan sajrone siklus II iki. Kagiyanan pasinaon ing siklus II kaya ing ngisor iki.

a) Apersepsi

Kagiyanan apersepsi minangka tindakan prakagiyanan kang dilakoni kanthi wektu \pm 15 menit. Kagiyanan apresepsi kaperang saka:

- Salam, pengkondisian kelas, ndonga.
- Guru nyiapake medhia pasinaon yaiku kertu "Pohon Aksara".
- Guru nindakake apersepsi kanthi tekon langsung marang siswa kanggo ndhudhah kawruhe siswa. "*Bocah-bocah, adhedhasar patemon sadurunge apa kang diarani aksara Murda Kuwi?*" Guru ngandharake kompetensi lan tujuan pasinaon kang bakal digayuh.
- Guru njlentrehake kompetensi lan tujuwan kagiyanan pasinaon.
- Guru maringi motivasi marang siswa kanggo nggayuh tujuwan pasinaon.

b) Kagiyanan Inti

Kagiyanan inti minangka punjere kagiyanan kang sajrone kaandharake kagiyanan pasinaon siswa sajroe nyinaoni aksara *Murda* kanthi medhia kertu "Pohon Aksara". Kagiyanan inti iki lumaku watarane \pm 50 menit. Kagiyanan inti kasebut kaandharake kaya ing ngisor iki.

- Guru njelasake bab-bab kang salah lan menehi andharan marang siswa bab-bab kang kurang ing pasinaon ing siklus I.

- Siswa lungguh kanthi mbentuk klompok-klompok cilik antarane 3 – 5 anggota kang heterogen.
- Siswa nyemak andharane guru ngenani tugas kang kudu digarap.
- Siswa nampa kertu "Pohon Aksara" lan siswa disuwun kanggo nyermati/nlti medhia kertu "Pohon aksara"
- Siswa garap *lembar kerja* adhedhasar kertu "pohon aksara" kang wis ditampa dening siswa. Siswa sinau tata cara panulisan aksara Murda.
- Kanthi acak wakil klompok nulisake aksara Murda lan nggubungake karo medhia kertu "pohon aksara".
- Siswa saka klompok liya diwenehi kesempatan kanggo takon ngenani materi sing durung jelas
- Guru maringi kesempatan takon bab materi sing durung jelas.
- Guru meringi motivasi supaya siswa luwih semangat ing proses pasinaon.
- Siswa garap *lembar kerja* adhedhasar kertu "pohon aksara" kang wis ditampa siswa. Siswa sinau tata cara panulise aksara Jawa Murda.
- Kanthi acak wakil klompok nulisake aksara Murda kasebut adhedhasar ukara sing dipilih ing kertu lan sabanjure digandhengake karo kerto "pohon aksara".
- Siswa saka klompok liya diwenehi kesempatan kanggo takon bab materi sing durung jelas.
- Panutup
- Guru lan siswa nindakake refleksi kanthi maringi pitakonan lan dudutan kang ana kaitane karo pasinaon.
- Siswa nindakake evaluasi
- Guru nindakake *tindak lanjut*.

3) Observasi

Kayata ing siklus sadurunge, perangan observasi iki ngandharake ngenani andharan observasi katrampilan guru lan aktivitas siswa, sarta asil pasinaon siklus II kang nerangake ngenani asil pasinaon katrampilan nulis siswa. Luwih cethane kaya ing ngisor iki.

a) Andharan Observasi Katrampilan Guru Siklus II

Asil katrampilan guru ing siklus I, yaiku ana ing pasinaon nulis aksara Murda kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" ing siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung. Asil observasi bisa kaandharake kanthi cetha kaya ing ngisor.

- Nindakake pra- pasinaon, skor kang bisa digayuh 4.
- Miiti pasinaon kanthi apersepsi, skor kang bisa di gayuh 3.
- Ngandharake tujuwan pasinaon, skor kang bisa digayuh 3.
- Weneh pitakonan marang siswa, skor kang bisa digayuh 3.
- Nindhakake demonstrasi arupa nulisa aksara Jawa, skor kang bisa digayuh 3.

6. Weneh bimbingan sajrone kagiyatan nyusun klom pok, skor kang bisa digayuh 2.
7. Weneh bimbingan marang siswa sajrone nggunakake medhia kertu "Pohon Aksara", skor kang bisa digayuh 4.
8. Weneh variasi sajrone pasinaon, skor kang bisa digayuh 3.
9. Ngelola kelas, skor kang bisa digayuh 2.
10. Weneh penguataan marang siswa, skor kang bisa digayuh 2.
11. Nutup pasinaon, skor kang bisa digayuh 2.

Asil observasi katrampilan guru ing n dhuwur Nerangake menawa jumlah skor 35 kanthi rata-rata 31,8. Asil iki kalebu ing kategori apik.

b) Andharan Observasi Aktivitas Siswa Siklus II

Asil saka observasi aktivitas siswasajrone tindakan siklus I bisa kaandharake kaya ing ngisor iki.

1. Nyiapake diri nampa pasinaon: ana 1 siswa oleh skor 1, 6 siswa oleh skor 2, 11 siswa oleh skor 3, 12 siswa oleh skor 4. Total skor 94, rata-rata skor kang diolehan eka siswa sajrone indikator iki , yaiku 3,1.
2. Nggatekake medhia lan andharan guru: ana siswa 8 kang oleh skor 2, ana 11siswa kang oleh skor 3, ana 11 siswa kang oleh skor 4. Total skor 93, rata-rata skor kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 3,2
3. Tekon lan mangsuli pitakonan: ana siswa 1 kang oleh skor 1, ana 5 siswa kang oleh skor 2, ana 11 siswa kang oleh skor 3, ana siswa 11 kang oleh skor 4. Total 96, kanthi rata-rata kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 3,2.
4. Dhiskusi kelompok: ana siswa 7 kang oleh skor 2, ana siswa16 kang oleh skor 3, lan ana siswa 7 kang oleh skor 4. Total skor 90, kanthi rata-rata 70, rata-rata kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 3.
5. Nindhakake kagiyatan ngenali aksara lan nulis Tembung kanthi medhia kertu "Pohon Aksara": ana 9 siswa kang oleh skor 2,ana 12 siswa kang oleh skor 3. Total skor 90, kanthi rata-rata kang diolehan siswa 3.
6. Nggarap pitakonan kang tuwuhan saka medhia kertu "Pohon Aksara": ana siswa 8 kang oleh skor 2, ana siswa 9 kang oleh skor 3, ana siswa 13 kang oleh skor 4. Total skor 96, kanthi rata-rata kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 3,1.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa didudut manawa ing siklus I aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Murda ngasilake cacah skor utawa biji 558, kanthi rata-rata 18,6 lan kalebu kategori apik.

c) Andharan Katrampilan Nulis Aksara Jawa Murda Siswa Siklus II

Andharan asil saka asiling tes katrampilan nulis siswa ing tindakan siklus I bisa kaandharake kaya ing ngisor iki

1. Keajegan tulisan: ana 3 siswa kang oleh skor 2 (bobot10),ana 16 siswa kang oleh skor 3 (bobot15), ana 11 siswa oleh skor 4 (bobot 20). Rata-rata skor kang diolehan siswa tumrap indikator iki, yaiku16,3

2. Kerapian tulisan : ana 1 siswa kang oleh skor 2(bobot 10), ana 20 siswa kang oleh skor 3 (bobot 15), ana 9 siswa kang oleh skor 4 (bobot 20), ana 6 siswa, Rata-rata skor kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 16,3.
3. Wujude tulisan: ana 3 siswa kang oleh skor 2 (bobot 10), ana siswa 17 kang oleh skor 3 (bobot 15), ana 10 siswa kang oleh skor 4 (bobot 20) . Rata-rata skor kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 16,16.
4. Cepet orane anggone nulis: ana 1 siswa kang oleh skor 2 (bobot 8), ana siswa 5 kang oleh skor 3 (bobot 12), ana 24 siswa kang oleh skor 4 (bobot 16). Rata rata skor kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 15, 067.
5. Bener orane panulisan aksara murda: ana 5 siswa kang oleh skor 2 (bobot 12), ana siswa17 kang oleh skor 3 (bobot 18), lan ana siswa 8 kang oleh skor 4 (bobot 24) . Rata-rata skor kang diolehan siswa ing indikator iki, yaiku 18,6.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa didudut menawa ing siklus I aktivitas siswa pasinaon nulis aksara Murda ngasilake cacah biji 2475, kanthi rata-rata 82,5 lan kalebu kategori apik.

d) Andharan Asil Pasinaon Ketramplinan Nulis Aksara Siklus II

Asil saka asil pasinaon sajrone pasinaonan nulis aksara Jawa kanthi medhia kertu Pohon Aksara ing kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung siklus II, bisa dideleng ing tabel ngisor iki.

Asil PasinaonKatrampilanNulis Aksara Murda Siklus II

Katrangan	Asil Pasinaon
Rata-Rata Biji	82,5
Biji Kang Paling Dhuwur	100
Biji Kang Paling Asor	64
Siswa Kang Nggayuh KKM	25
Siswa Kang Durung Nggayuh KKM	5
Prosentase Ketuntasan Klasikal	83,33%

Tabel ing ndhuwur nuduhake menawa rata-rata biji kang diolehan siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung sajrone pasinaon nulis aksara Jawa kanthi medhia kertu Pohon Aksara ngolehake skor rata-rata 82,5 kanthi biji 100 minangka biji kang paling dhuwur lan 64 minangka biji kang paling asor. Cacahe ana 25 siswa kang kasil nggayuh KKM lan ana 5 siswa kang ora bisa nggayuh KKM. Banjur ketuntasan klasikal sajrone pasinaon siklus II, yaiku 83,3%. Bab kasebut ateges pasinaon nulis aksara Jawa kanthi medhia kertu Pohon Aksara ing kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung siklus II durung bisa nggayuh ketuntasan pasinaon klasikal kang cacah 80%.

Undhak-undhakan Katrampilan Guru Siklus I lan Siklus II

Undhak-undhakan katrampilan guru sajrone pasinaon pasinaon nulis aksara Murda kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" sajrone siklus I lan Siklus II bisa kaandharake kaya mangkene, menawa ing siklus I ngolehake skor 25 kanthi kategori apik. Banjur ing siklus II ngolehake skor 35 kanthi kategori apik banget.

Undhak-undhakan Aktivitas Siswa Siklus I lan Siklus II

Undhakan-undhakan aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Jawa Murda lumantar medhia kertu "Pohon Aksara" saka siklus I lan siklus II bisa kaandharake kaya mangkene, kabukti menawa ing siklus I ngolehake jumlah skor cacahe 423 kanthi rata-rata skor 14,1 kategori apik, lan ing siklus II mundhak lan kasil ngolehake jumlah skor cacah 558 kanthi rata-rata skor 18,16 kanthi kategori apik banget.

Implikasi Asil panliten

Sajrone asil panliten kang wis katindakake, katon menawa anane undhak-undhakan aktivitas guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon nulis aksara Jawa Murda siswa kelas VIII A SMP Negeri I Ngantru Tulungagung. Bab iki nduduhake lan weneh bukti yen medhia kertu "Pohon Aksara" bisa ditrapake sajrone proses pasinaon, mligine nnulis aksara Jawa Murda

Kanthi medhia kertu "Pohon Aksara", guru bisa nuwuhake swasana pasinaon kang nyenengake lan ora mboseni. Pasinaon ora mung asipat guru minangka punjere pasinaon, nanging uga bisa munjer ing siswa, amarga guru nduweni kalungguhan minangka fasilitator, mediator, lan pembimbing siswa supaya bisa lumaku kanthi apik.

Asil panliten kanthi medhia kertu pohon aksara weneh kalodhangen marang siswa kanggo nggunakake medhia kertu pohon aksara sajrone proses pasinaon, saengga siswa luwih semangat lan aktif sajrone proses pasinaon, sarta ngolehake pengalaman anyar sajrone kagiyatan pasinaon.

Panganggone medhia kertu "Pohon Aksara" nduweni paedah liyane kanggo siswa. Sadurunge migunakake medhia kertu "Pohon Aksara" siswa krasa kangelan sajrone nyinaoni aksara Jawa Murda. Sawise diwenehi pasinaon kanthi cara lan lumantar medhia kertu "Pohon Aksara" bisa ngundhake asil pasinaon nulis aksara Jawa Murda.

Panliten iki dikarepake bisa dikembangake luwih onjo, bisa dikembangake dening guru utawa pengembangan pendhidhikan liyane, saengga pasinaon nulis aksara Jawa bisa luwih apik lan tujuwan pasinaon bisa kagayuh kanthi apik.

PANUTUP

Dudutan

Panliten iki kaperang dadi rong siklus lan saben sikeluse ditindakake kanthi sapatemon. Adhedhasar analisis dhata undhak-undhakan katrampilan siswa nulis aksara Murda kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" ing siswa kelas VIII A SMPN 1

Ngantru Tulungagung, diolehake dhata kaya ing ngisor iki.

Saben siklus sawenehing dhata kang diolah kanthi cara tartamtu, kayata asile observasi aktivitas guru, asile observasi aktivitas siswa, asile evaluasi katrampilan siswa. Saka asile sakababe dhata kasebut bisa ditarik dudutan, yaiku :

Asile observasi aktivitas guru kanthi medhia pasinaon kertu "Pohon Aksara" bisa ngundhakake katrampilan guru sajrone pasinaon nulis aksara Jawa Murda ing siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung. Asil observasi katrampilan guru sajrone siklus I nuduhake menawa skor kang diolehake guru ngancik angka 25 kanthi ketuntasan klasikal 22,7% kategori apik. Banjur ing siklus II skor katrampilan guru ngancik ana ing skor 35 kanthi ketuntasan klasikal 31,8% kategori apik. Sawenehing kekurangan kang dumadi ing saben sikeluse didadekake refleksi saengga bisa ndandani ing siklus sabanjure.

Asile observasi aktivitas siswa saya ningkat. Bab iki nuduhake yen siswa saya nduweni motivasi sasuwene proses pasinaon nulis aksara Murda kanthi migunakake kertu "Pohon Aksara". Saliyane iku, siswa uga luwih aktif sajrone pasinaon.

Medhia pasinaon Kertu "Pohon Aksara" bisa ngundhake aktivitas siswa sajrone pasinaon nulis aksara Murda ing siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung. Asil observasi aktivitas siswa sajrone siklus I ngolehake cacah skor 432 kanthi prosentase 14,1%, kanthi kategori apik. Banjur ing siklus II siswa kasil ngolehake cacah skor 558 kanthi prosentase ketuntasan klasikal cacah 18,61% kanthi kategori apik .

Padha dene karo asile evaluasi kertampilan siswa nulis aksara Murda kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" ing sajrone pasinaon nulis aksara Jawa Murda nuduhake anane owah-owahan kang cukup apik lan kasil nggayuh biji sandhuwure KKM .

Medhia pasinaon kertu "Pohon Aksara" bisa ngundhakake asil pasinaon katrampilan nulis sajrone pasinaon nulis aksara Jawa Murda ing siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung. Sajrone siklus I rata-rata biji kang diolehake siswa, yaiku 75,33 kanthi kategori apik lan ketuntasan klasikal kang diolehake ing siklus I, yaiku 70%. Banjur sajrone siklus II, siswa kasil ngolehake skor rata-rata 82,55 kanthi kategori apik lan ketuntasan klasikal, yaiku 83,33%

Pamrayoga

Adhedhasar asil dudutan saka panliten tindakan kelas kang wis kalaksanan ing siswa kelas VIII A SMPN 1 Ngantru Tulungagung, panliti bisa weneh saran kaya ing ngisor iki, yaiku :

(1) Kanggo Guru

Medhia pasinaon kertu "Pohon Aksara" minangka medhia pasinaon kang bisa narik kawigaten siswa, kang bisa ditrapake nalika pasinaon nulis aksara Murda lan uga bisa dienggo sajrone medhia ing pasinaon mata pelajaran liyane.

(2) Kanggo Siswa

Medhia kertu "Pohon Aksara" bisa ngundhakake katrampilan siswa sajrone nulis aksara Murda, saliyane iku uga bisa ngundhakake kawigaten siswa marang pasinaon basa Jawa.

(3) Kanggo Lembaga

Kudune panliten kanthi medhia kertu "Pohon Aksara" bisa dikembangake kanthi luwih, dening guru, dening lembaga, utawa dening pangembang pendhidhikan liyane kanthi kekarepan pangetrapan medhia kertu "Pohon Aksara" bisa nggawe pasinaon tansaya luwih apik

KAPUSTAKAN

- Ali, Muhammad. 2007. *Guru dalam Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Sinar Baru Aglesindo.
- Anitah, Sri dkk. 2008. *Strategi Pembelajaran*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Arikunto, Suharsimi dkk. 2008 . *Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Arsyad, Azhar. 1996. *Media Pembelajaran*. Jakarta : PT. Raja Grafindo Persada.
- Daryanto. 2011. *Penelitian Tindakan Kelas dan Penelitian Tindakan Sekolah*. Yogyakarta Gava Media.
- Doyin, Mukh dan Wagiran. 2009. *BAHAS INDONESIA Pengantar Penulisan Karya Ilmiah*. Semarang: Universitas Negeri Semarang Press.
- Hamdani. 2011. *Strategi Belajar Mengajar*. Bandung : Pustaka Setia Hardini, Isriani. 2012. *Strategi Pembelajaran Terpadu (Teori, Komsep dan Implementasi)*. Yogyakarta : Familia.
- Hasibuan, J.J, Moedjionno. 2010. *Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Rosdakarya.
- Indriana, Dina. 2011. *Ragam Alat Bantu Media Pengajaran*. Yogyakarta: Diva Press.
- Mustofa, Bisri. 2009. *Pedoman Menulis Proposal Penelitian Skripsi dan Tesis*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Nurudin.2000. *Dasar-dasar Penulisan*. Malang: UMM Press.
- Padmosoekotjo, S. 1992. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*.Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Poerwanti, Endang dkk. 2008. *Asesmen Pembelajaran SD*. Jakarta: Dirjen Dikti Depdiknas
- Rifai, A dan Chatarina. 2009. *Psikologi Pendidikan*. Semarang: UNNE
- Rohmadi, Muhammad dan Hartono, Lili. 2011. *Kajian Bahasa, Sastra, dan Budaya Jawa: Teori dan Pembelajarannya*. Surakarta: Pelangi Press
- Rusman. 2012. *Model - Model Pembelajaran Mengembangkan Profesionalisme Guru*. Jakarta: Raja Grafindo.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti Semi, Atar.
2007. *Dasar - dasar Keterampilan Menulis*. Bandung: Angkasa.
- Sudijono, Anas. 2007. *Pengantar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: Raja Grafindo Persada

- Sukiman. 2012. *Pengembangan Media Pembelajaran*. Yogyakarta: Pedagogia.
- Sunendar Iskandarwassid, Dadang. 2011. *Strategi Pembelajaran Bahasa*. Bandung: RosdaKarya
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Membaca sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa Bandung
- Tim Jarlit BAPEDA DIY. 2004. *Pemberdayaan Bahasa, Sastra, Budaya, dan Aksara Jawa melalui Jalur Formal dan Nonformal dalam Era Multikultur di DIY*. Laporan Penelitian. Yogyakarta: BAPEDA Propinsi DIY

Daftar Kapustakan Panyengkuyung

- Aji, H Purnomo. 2012. *Peningkatan Keterampilan Menulis Aksara Jawa melalui Model Quantum Learning dengan Medhia Crossword Puzzle Siswa Kelas VI SDN Tugurejo 01 Semarang*. (Skripsi). Semarang: Universitas Negeri Semarang.
- Dona, Marlinda. 2014. *Upaya Meningkatkan Kemampuan Mengenal Huruf Melalui Medhia Pohon Huruf (Penelitian Tindakan Kelas Pada Kelompok A Di Tk Mafhadhol Tambang Sawah Kabupaten Lebong Propinsi Bengkulu)*. Bengkulu: Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Bengkulu
- Khanifa, R Millata. 2012. *Penggunaan Medhia Kertu Kata Timbul Untuk Meningkatkan Keterampilan Membaca Permulaan Dengan Metode Abjad Pada Siswa Tunagrahita Ringan Kelas Dasar III SLB Negeri Pemalang*. <http://lib.unnes.ac.id>. Diakses ing tanggal Mei 2015
- Tarigan, Anna J. 2011. *Efektifitas Medhia Kartu Kata Terhadap Kemampuan Menulis Puisi Siswa Kelas X SMA Negeri 2 Kabanjahe Tahun Pembelajaran 2011/2012*.<http://phk.unimed.ac.id>. Diakses pada 2 April 2015, pukul 17.11
- www.trullyjogja.com. 2007. *Aksara Jawa, Cikal Bakal Sejarah Jawa*. Diakses tanggal 23 Agustus 2015